



# PRIYORITE POU SANZABRI YO (PRIYORITE POU KONDISYON LOJMAN YO)

## 1-4(A-C) LIS VERIFIKASYON KALIFIKASYON

Egzijans pou Lis Verifikasiyon an	Priyorite pou sanzabri yo					
	1 - Ensandi oswa Katastwòf Natirèl	2 - Renovasyon Iben	3 - Kòd Sanitè Eta a	4a - Pèt lojman san fot	4b - Ijans Medikal Grav	4c - Sitiyasyon maltretans
Repons Dosye Seleksyon yo (obligatwa pou tout Priyorite)	W ap genyen pou w eksplike kondisyon lojman aktyèl ou a nan repons w ap bay nan fòmilè CHAMP lan yo rele Verifikasiyon Rekòmande pou Priyorite ak Preferans (Required Verification of Priority and Preference). Eksplikasyon w lan dwe koresponn avèk demann ou an. Y ap mande w tou, pou w founi dokiman ki pou jistifye sa, jan nou eksplike l pi ba a					
Prèv Rezidans Pensiwal (obligatwa pou tout Priyorite)	Ou dwe founi prèv rezidans prensipal ou a. Rezidans prensipal ou a se kote w ap viv kounye a oswa kote w t ap viv nan moman deplasman an, men fòk ou t ap viv oswa te gen entansyon viv la pandan omwen 9 mwa nan ane a. Prèv rezidans prensipal a kapab gen ladan l men san l pa limite ak sa sèlman: lèt pwopriyetè a ba ou, kontra lokasyon, chèk pèman lwave a, fakti sèvis publik, prèv kote w te enskri timoun ou nan yon lekòl nan lokalité a.					
Prèv Deplasman oswa Deplasman Bridsoukou (obligatwa pou tout Priyorite)	<p><b>Ensandi</b> Yon Rapò Ofisyèl sou Ensandi a ki:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Mansyone rezidans prensipal ou a.</li> <li>Endike rezidans lan pa abitab. Si enfòmasyon sa manke, ou kapab founi yon Lèt Konsey Sante oswa yon enstitusyon ki nan menm domèn lan ba ou, ki montre rezidans lan pa abitab.</li> <li>Pa deklare oswa montre ou pa gen rezon.</li> </ul> <p><b>Lòt katastwòf natirèl:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Yon Deklarasyon Federal pou Katastwòf</li> <li>Yon Rapò Ofisyèl Lakwa Wouj oswa FEMA ki mansyone rezidans ou an.</li> </ul>	<p>Yon Kopi Deklarasyon Ofisyèl enstitusyon konsèn yo ba ou konsènan teren oswa pwopriyete ou pran an, ak objektif ou fikse konsènan teren oswa pwopriyete sa. Ou dwe t ap egzèze yon otorite lejislitat epi dat deplasman dwe twouve l nan twa dénye ane yo.</p> <p>*Remak - demenaje oswa deplase akoz y ap fè renovasyon nan yon lòjman piblik se yon rezon valab pou w revandike priyorite sa a.</p>	<p>Yon Kopi Otorizasyon Ofisyèl Deplasman an:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Dwe konfòm ak nòm minimal Kòd Sanitè Eta a etabli konsènan lojman. Kòd Konstriksyon Eta a, oswa ódonans lokal (tankou zonaj)</li> <li>Avèk yon dat deplasman oswa yon dat deplasman ki gen pou vini.</li> </ul>	<p>Yon jijman oswa yon lòt dokiman jiridik (tankou yon akò ant diferan pati yo) ki</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Oblije w kite rezidans prensipal ou a nan yon dat byen presi.</li> <li>Pa endike rezon deplasman an se fòt ou.</li> </ul> <p>*Remak - Si dokiman pa mansyone "san fot" y ap konsidere ranwa a "san fot" si dokiman pa montre se fòt ou (sa vle di, domaj ou fè nan pwopriyete a, lwave ou pa peye ki pa anile)</p>	<p>Yon fòmilè CHAMP ki ranpli: Konsiltasyon yon Doktè pou Ijans Medikal Grav (Physicians Verification of Severe Medical Emergency). Fòmilè a dwe montre yon maladi oswa yon blese, ki reprezante yon menas grav pou lavi oswa sekirite epi montre se, oswa se te, rezidans prensipal ou a ki lakòz maladi oswa blese sa ki reprezante yon obstak grav ki anpeche w jwenn gerizon.</p>	<p>Yon dokiman ki pwouve ou sibi maltretans jan lwa M.G.L. la definí l lan. 209A, agresyon seksyèl, oswa asèlman, tankou, men san l pa limite ak:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Dokiman Medikal.</li> <li>Dokiman Jiridik.</li> <li>Dokiman yon Enstitusyon Sèvis Sosyal, elatriye.</li> </ul>
Prèv konsènan kondisyon lavi aktyèl ou. (Sa yo aplikab sèlman si kandida gentan deplase kite rezidans prensipal li a)	Egzanp, sa kapab lèt konfirmasyon yon abri ba ou, lèt yon moun ou t ap viv avè l pou yon ti tan ba ou, oswa yon lèt nepòt moun nan kominote a (lapolis, pèsonèl legliz, elatriye) ba ou					
Prèv aplikian an pa lakou, oswa kontribye esansyèlman nan yon sitiayson ki mete lavi oswa sekirite lòt moun an danje.	<p><b>Ensandi</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Rapò Ensandi a pa endike se ou menm ki pwovoke l oswa jwe yon wòl esansyèl ladan l</li> </ul> <p><b>Lòt katastwòf natirèl:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Li pa Obligatwa</li> </ul>	<p><b>Li pa Obligatwa</b></p> <p>Prezime avèk konfirmasyon Deplasman akoz Travay Piblik – Renovasyon nan katye yo.</p>	<p><b>Lòt Ofisyèl Deplasman an pa dwe endike se</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>ou menm oswa yon moun lakay ou ki lakòz oswa jwe yon wòl esansyèl pou pwovoke renovasyon an.</li> </ul>	<p><b>Li pa Obligatwa</b></p> <p>Prezime nan dokiman ki pwouve deplasman (san pran tan) an.</p>	<p>Fòmilè Verifikasiyon CHAMP Yon Doktè oswa Lòt Founisè Swen Medikal Ranpli (Yon dokiman konsènan yon tès depistaj y ap voye pou ou) Ou kapab founi lòt prèv ki montre egzistans maladi a nan Rezidans Prensipal ou a, tankou:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Foto</li> <li>Sitasyon Konsèy Sante a.</li> <li>Lòt dokiman</li> </ul>	<p><b>Li pa Obligatwa</b></p> <p>Prezime avèk konfirmasyon Deplasman akoz Sitiyasyon maltretans li ap sibi.</p>
Prèv yon kandida te chèche mwayen pou fè prevansyon oswa evite yon sitiayson ki menase sekirite oswa lavi l pandan l t al mande èd nan tribinal administratif oswa egzekutif apwopriye yo.	<p><b>Li pa Obligatwa</b></p> <p>Prezime avèk konfirmasyon Deplasman akoz Fòs Natirèl</p>	<p><b>Li pa Obligatwa</b></p> <p>Prezime avèk konfirmasyon Deplasman akoz Travay Piblik – Renovasyon nan katye yo.</p>	<p>Ou dwe founi yon deklarasyon ekri konsènan efò w fè pou rezoud yon sitiayson ki t ap lakoz ou deplase ak dokiman (si yo disponib) ki pwouve aksyon w yo, tankou:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Lèt ou bay pwopriyetè a oswa pwopriyète a ba ou.</li> <li>Deklarasyon Konsèy Sante a.</li> <li>Dokiman jiridik, elatriye.</li> </ul>	<p><b>Li pa Obligatwa</b></p> <p>Prezime nan dokiman ki pwouve deplasman (san pran tan) an.</p>	<p>Ou dwe founi yon deklarasyon konsènan efò w fè pou rezoud sitiayson an. Ou dwe founi dokiman, si genyen, ki montre aksyon ou te fè pou anpeche sitiayson an rive oswa evite l, tankou, men san l pa limite ak sa yo sèlman:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Lèt ou bay pwopriyetè a.</li> <li>Ansyen Deklarasyon Konsèy Sante a.</li> <li>Dokiman jiridik, elatriye.</li> </ul>	<p><b>Li pa Obligatwa</b></p> <p>Prezime avèk konfirmasyon Deplasman akoz Sitiyasyon maltretans w ap sibi.</p>